

"*Tout pye pitimi yo jòn. Yo gen yon maladi ki tonbe sou yo.*"

 Gason  
65-80 ans, Port-Salut, Sud.



"*Tous les petits mils sont devenus jaunes. Il y a une maladie qui leur est tombée dessus.*"

 Homme  
65-80 ans, Port-Salut, Sud.

## PITI MI / PETIT MIL

### REPONS


Pitimi yo jòn akoz yon **pichon ki pote non « Pichon Jòn »** ki souse plant lan. Parazit sila, **yo te jwen li sou pye kann yo tou**, men li pa afekte li menm jan ak pitimi an. Li pataje byen fasil nan yon chan pitimi, l li fin atake youn, depi pa gen anyen ki fet pou kanpe-l. Depi li gentan manje pye pitimi-an, lap detwi-l net, epi pitimi sa-a pap ka itilize. Menm si li te la depi avan pasaj Matyou, **nou konstate parazit la pwopaje plis depi apre siklòn lan.** Gen plizye teknik kap devlope, nan lide pou fe fas ak parazit pichon jòn nan, pami yo, **yon melanj de 2 insektisid ki se « actara » ak « karate », kidonk, 2 pwodui chimik.**

Syantifik Gael Pressoir ki nan laboratwa CHIBAS ki travay an kolaborasyon ak inivèsite kiskeya dekouvri **yon varyete pitimi ke parasite la paka atake.** Yap travay sou semans varyete sa ki pral distribye nan tout peyi a bay plantè yo pandan lane 2017 la.

### RÉPONSE

Les petits mils sont jaunes à cause d'un **parasite portant le nom «Puceron jaune »** qui les pique. Ce parasite a été aussi **remarqué sur les tiges de canne-a-sucre** mais il ne les affecte pas de la même façon. Il se propage facilement, si rien n'est fait pour l'arrêter. Un petit mil attaqué par le puceron jaune n'arrivera pas à maturation car ce dernier l'empêche de se développer et le détruit complètement. Nous constatons **une propagation importante du parasite** après le passage de l'ouragan Matthew. L' une des techniques expérimentées pour combattre le puceron jaune est **un mélange de deux insecticides, le « Karate K » et l'« Actara ».** Déconseillé par certains agronomes car cette méthode va à l'encontre de **l'agriculture biologique.**

Le généticien Gaël Pressoir des laboratoires CHIBAS en collaboration avec l'Université Quisqueyah a trouvé **une variété de petit mil qui résiste au parasite puceron jaune**, actuellement l'expérience continue, la semence de cette variété sera **disponible et distribuée aux planteurs pendant l'année 2017.**



"Gen moun ki di se vaksen kont kolera-a kap bay moun yo kolerin nan."

 Gason,  
20-30 ans, Chambellan, Grandans

"Certaines personnes disent que c'est le vaccin contre le choléra qui donne la cholérine aux gens."

 Homme  
20-30 ans, Chambellan, Grande Anse

## VAKSEN / VACCIN

REPONS

Yon vaksen kont yon maladi, **se yon sibstans ki gen menm jèm maladi-a ladan-l men, ki paka reprezante okenn danje, yo enjekte nan kò moun nan oubyen bèt la.** Wòl li se pèmèt kò moun nan devlope yon sistèm defans ki ka reziste kont maladi sa-a si li ta antre sou li. **Okenn vaksen pa pwoteje moun a san pou san.**

Nan sa ki gen pou wè ak maladi kolera, nivo pwoteksyon-an ogmante apati dezyèm dòz la, menm si li toujou enpotan pou aplike mezi ijyèn yo. **Gen kèk efè segondè ki konn parèt aprè enjeksyon** vaksen kont kolera-a, men yo ra anpil. **Men, pa gen okenn rapò ant vaksen kont kolera ak chigeloz yo rele kolerin tou.**

Kolorin se yon dyare ki bay anpil vant fè mal. Li gen glè ladan l avèk san. Prevansyon kolerin nan, se bwè dlo trete, se manje manje ki byen kuit, legim ak fwi ki byen lave ak dlo trete. Fòk nou toujou lave men nou anvan nou manje. Kolerin nan pa sanble ak kolera. Kolerin nan se yon dyare ki pa bay anpil watè likid. Moun ki gen kolerin nan gen yon pouse, li bay glè, pafwa li gen san ladan l. Moun ki gen kolerin nan gen anpil vant fè mal. Non se pa vaksen kolera ki bay kolerin n nan.

RÉPONSE

D'une manière générale, **le vaccin contre une maladie est une substance microbienne inactive** administrée à une personne ou un animal. Son rôle est de permettre à l'organisme de développer des anticorps, afin de résister à une réelle infection. Cependant, **aucun vaccin ne garantit une protection à 100%.**

Dans le cas du choléra, le niveau de protection augmente à partir de la deuxième dose, même s'il est toutefois recommandé de toujours appliquer les mesures d'hygiène. **Certains effets secondaires très rares** peuvent suivre l'injection de ce vaccin, comme la nausée. Cependant, **le vaccin contre le choléra ne cause pas la shigellose communément appelée Cholérine.**

Pour prévenir la cholérine, il faut boire de l'eau traitée, consommé de la nourriture cuit à point et des légumes bien lavés avec de traitée. Il faut toujours se laver les mains avant de manger.

Pour le choléra, l'infecté a une forte diarrhée de couleur blanchâtre. La personne infectée au virus du choléra peut avoir des maux de ventre.



" Yo di nou prela yo bay kansè, men nou sevi ak yo paské n pa genyen lòt. "

 Gason  
30-50 ans, Moron, Sud

" On nous a dit que les baches donnent le cancer, mais nous les utilisons quand meme parce que nous n'avions rien d'autres. "

 Homme  
30-50 ans, Moron, Sud

## PRELA / BÂCHE

### REPONS

Nan kad repons imanité an Ayiti apre siklòn Matyou, òganizasyon yo distribiye 3 tip prela. Youn ki ki gen koulè ble a, youn se sa ki ekri USAID, ak yon lòt ki se UNHCR.  
**Tout prela yo se an plastik yo fèt.** Prela yo ki sou do kay yo oubyen sou tèt nenpòt abri pa reprezante risk pou sante, **ni yo pa pwovoque kansè. Matye plastik tankou prela ka reprezante danje pou sante moun selman lè w brile yo.**

### RÉPONSE

Dans le cadre de la réponse humanitaire pour répondre aux besoins des populations affectées par l'ouragan Matthew, **les organisations humanitaires distribuent différents types de bâches :** Les bâches bleues, en plastique, sur lesquelles est inscrit les logos « USAID » et « UNHCR » sont financées par les deux agences respectives. Elles sont placées sur les toits des maisons ou utilisées en guise de protection temporaire pour créer un abris d'urgence. Elles sont **certifiées conformes et ne présentent aucun risque sur la sante.** Ainsi, les matières plastiques tel que les bâches distribuées pour les abris d'urgence dans le cadre de la réponse à l'ouragan Matthew **ne peuvent pas provoquer le cancer. Plus généralement, les matières plastique ne sont pas nocives pour la santé mais peuvent le devenir lorsqu'on les brûle.**